

Kategori : **ELÈV**

Pibliye : 29 JEN 2009

Nimewo : **A-630**

Sijè: ARANJMAN RELIJYE POU ELÈV

Paj : 1 nan 1

## **REZIME CHANJMAN YO**

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-630 ki gen dat 19 fevriye 2003.

Li fikse pwosedi ki kontwole fason pou ranwaye elèv pou edikasyon relijye. Li fikse tou presip ak pwosedi pou lekòl yo suiv lè y ap konsidere demann pou aranjman pou elèv ki obsève ak pratike yon relijyon.

### **Chanjman yo :**

- Yo refòmate regleman an.
- Se paran yo ki responsab pou jwenn yon rapò sou prezans pitit yo pou chak semès nan lekòl relijye a epi remèt li ba direktè a pa pi ta pase dènye jou lekòl pou semès sa a.

**REZIME**

Regleman sa a fikse prensip, règ ak pwosedi ki kontwole ranvwa elèv pou edikasyon relijye epi bay aranjman rezonab pou elèv ki obsève ak pratike yon relijyon. Li ranplase Règleman Chanselye A-630 ki gen dat 19 fevriye 2003. Tout administratè ak estaf bilding ta dwe abitye ak regleman sa a.

**I. ENTWODIKSYON**

Yo pa ka fè diskriminasyon kont elèv akòz relijyon yo epi lekòl yo dwe fè aranjman rezonab pou elèv yo kapab jwi dwa relijyon yo. An manmtan, lekòl yo dwe konsidere entèdiksyon konstitisyon an pou gouvènman an pa mele ni patisipe nan aktivite relijye. Regleman sa a fikse prensip pou lekòl yo suiv lè y ap konsidere demann pou aranjman pou lè ranvwa elèv pou edikasyon/enstriksyon, ak pratik relijye. Regleman sa yo aplike pou tout elèv ak tout pratik relijye egalego.

A. Lè yo bay pou edikasyon/enstriksyon relijye

Dapre regleman reprezantan edikasyon Eta Nouyòk *New York State Commissioner of Education* (CR 109.2), Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education (NYCDOE)* mete dènnye lè jounen enstriksyon an nan mèkredi pou "lè ranvwa" pou edikasyon/enstriksyon relijye.

Absans yon elèv ki gen otorizasyon pou l kite lekòl pandan lè lekòl pou patisipe nan yon pwogram enstriksyon/edikasyon relijye nan yon lòt lokal ki pa nan lekòl la, ap yon absans ki motive. Se yon enstitisyon relijye ki rekonèt ki dwe fè pwogram enstriksyon relijye a oswa li dwe fèt sou sipèvizyon l.

1. Responsablite paran\*:

- a. Chak paran ki mande pou yo lache pitit yo akòz enstriksyon relijye dwe soumèt yon otorizasyon alekri ki siyen pou yo ka lache elèv la epi yo dwe bay yon kopi enskripsyon elèv la nan pwogram enstriksyon relijye a. Otorizasyon alekri ki siyen an dwe idantifye enstitisyon relijye a ak kote y ap fè enstriksyon an.
- b. Paran yo dwe avèti estaf lekòl la lè yo retire pitit yo nan pwogram ki mande pou yo lache yo.
- c. Paran yo dwe fè lòt aranjman lè jounen lekòl yo pi kout ak lè yo ranvwaye elèv yo pi bonè.
- d. Se paran yo ki responsab pou jwenn yon rapò sou prezans pitit yo pou chak semès nan lekòl relijye a epi remèt li ba direktè a pa pi ta pase dènnye jou lekòl pou semès sa a.

2. Responsablite Lekòl la:

Lekòl yo:

- a. ap lache elèv la pou dènnye lè jounen enstriksyon an nan jou mèkredi, lè yo fin resevwa nan men paran an yon otorizasyon alekri ki siyen ak yon kopi dosye enskripsyon elèv la nan pwogram enstriksyon relijye a dapre Seksyon I.A.1.a ki pi wo a, pou l ka patisipe nan pwogram enstriksyon relijye a. Y ap kenbe otorizasyon ki siyen an ak dosye enskripsyon elèv la nan pwogram enstriksyon relijye a nan dosye lekòl la.
- b. ap kreye yon sistèm pou fè elèv ak pwofesè yo sonje lè pou lache elèv la ap

\* Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize nan regleman sa a ap vle di paran elèv la oswa gadyen oswa tout moun oswa ajans ki jwe wòl paran oswa ki gen gad elèv oswa elèv la, si li se yon minè emansipe oswa si li gen 18 lane.

rapwoche. Y ap lache elèv la dapre regleman lekòl la fikse regilyèman. Responsab lekòl la dwe fè tout efò pou garanti yo lache elèv la atan.

- c. pa p mete deyò san rezon elèv ki patisipe nan pwogram popu lache elèv pou enstriksyon relijye nan pwogram apre lekòl akòz yo rive anreta lè yo soti nan pwogram enstriksyon relijye a.
- d. pa p pini elèv yo onivo akademik poutèt yo patisipe nan pwogram pou lache elèv pou enstriksyon relijye.
- e. ap byen planifye pou elèv sa yo ki pa patisipe nan pwogram pou lache elèv la, epi yo dwe garanti yo fè bon jan pwogram edikatif pou yo.
- f. pa p responsab pou garanti elèv yo prezan nan pwogram pou lache elèv la. Estaf lekòl leta pa p reponn kesyon sou absans elèv nan enstriksyon relijye epi yo pa p mete enfòmasyon disponib sou elèv la, eksepte jan CR A-820 an pèmèt li.
- g. ap asire demann pou elèv patisipe nan pwogram enstriksyon relijye a pa fèt nan lekòl la oswa pre lekòl la. Anplis, yo pa p fè okenn anons konsènan pwogram pou lache elèv la nan lekòl la.
- h. ap kenbe rapò sou prezans elèv ki nan pwogram lan nan dosye lekòl la nan fen chak semès dapre seksyon I.A.1.d ki pi wo a.

#### **B. Aranjman pou rezon relijyon**

1. Yo dwe soumèt demann pou aranjman akòz pratik relijye yo alekri ba manm estaf ki la pou sa a. Yo ta dwe soumèt demann sa yo byen bonè davans pou pèmèt lekòl la fè aranjman ak ajisteman orè ki apwopriye ki rezonab.
2. Lekòl la dwe evalye chak demann pou aranjman apa epi trete yo avèk prekosyon. Pèsonèl lekòl la ap fè bon jan efò pou satisfè demann yo, dapre lalwa, responsablite ak regleman Depatman Edikasyon *Department of Education*(DOE) ansanm ak pwogram edikatif lekòl la ak elèv la anpatikilye. Paran yo gen yon responsablite konplèmantè pou kolabore nan jwenn yon aranjman.
3. pratik relijye andeyò bilding ak lakou lekòl la
  - a. Apre yo fin resevwa yon demann alekri pou pèmèt elèv kite lekòl la akòz pratik relijye lòt kote, yo ta dwe ajiste orè chak elèv, lè sa rezonab ak lè sa posib onivo edikatif. Se direktè lekòl la ki pou pran tout desizyon ki otorize elèv yo kite lekòl la akòz pratik relijye pandan lè regilye lekòl. Faktè y ap konsidere yo se sa ki pi ba a ak lòt ankò:
    - i. kantite tan yo mande;
    - ii. dire aranjman yo mande a;
    - iii. konsekans sou orè elèv la anpatikilye, tankou ki klas l ap rate;
    - iv. si li ka ratrape lè klas li rate a; ak/oswa
    - v. Si yon aranjman ta ka lakoz elèv la resevwa mwens pase kantite enstriksyon li ta sipoze resevwa.

- b. Elèv ki absan akòz pratik relijye nan jou òganizasyon ki soti deyò bay egzamen yo ta dwe enfòme yo sou lòt dat òganizasyon k ap bay egzamen an bay pou moun ki pratike relijyon yo.
- c. Y ap kenbe tou dosye prezans ki apwopriye. 2. Elèv ki respekte fèt relijye Administratè Edikasyon Eta Nouyòk la rekonèt oswa lòt fèt yo pa rekonèt nan kalandriye yo distribye chak ane a ka gen ekskiz si gen yon demann paran alekri avan dat selebrasyon fèt la. Pwofesè yo dwe make elèv la absan epi mete kòd rezon "05" (respè fèt relijye/kiltirèl) nan sistèm ATS la dapre CR A A-210.
4. Priyè
- Elèv ki ta renmen priye nan lekòl la ka fè sa separeman depi yo pa deranje fonksyonman pwogram lekòl la. Pou evite tankou y ap sipòte yon relijyon anpatikilye oswa nenpòt lòt patisipasyon, lekòl yo pa ka mete sal apa ni rezève kote espesyal pou elèv priye. Li pa kòrèk tou pou responsab lekòl yo òganize, ankouraje, dirije oswa patisipe nan priyè sa a. Sanje: Elèv lekòl segondè gen dwa pou fòme club relijye epi fè reyinyon ak priye pandan lè ki pa gen kou dapre lwa aksè egalego *Equal Access Act*, Regleman Chanselye A-601 ak pwosedi chak lekòl anpatikilye.
5. Fè jèn
- Elèv k ap fè jèn ta dwe gen otorizasyon pou chita apa nan kafeterya a si yo vle.
6. **Konsèvasyon dosye**
- Lekòl yo dwe asire yo yo kenbe dosye ki gen prezizyon konsènan aranjman ki fèt pou pratik relijye. Dosye sa yo ta dwe gen ladan yo demann pou aranjman, aranjman ki fèt ak rezon ki fè yo otorize oswa refize aranjman an.

## II. **RANSEYMAN**

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, ou ta dwe voye yo nan :

Telephone:  
212-374-6095

*The Office of Mandated Responsibilities*  
N.Y.C. Depatman Edikasyon  
52 Chambers Street – Room 218  
New York, NY 10007

Faks :  
212-374-5751